



Kay Bon Mache Pou Vann

Se ak anpil plezi **Bridge Street Development Corporation** ap anonse n ap aksepte aplikasyon kounye a pou **1 kay nan 919 Gates Avenue, Brooklyn, NY 11221**

Stuyvesant Heights

Ekipman: Yo itilize bilding sa a pou plizyè rezon. Bidling sa a gen magazen anba li ak twa (3) apatman rezidansyèl.

Transpò: Tren J - Otobis B52

Pa gen frè aplikasyon • Pa gen frè koutye • Plis enfòmasyon: www.bsdcorp.com oswa www.wavecrestrentals.com

Yo te konstwi bilding sa a gratis **Pwogram Kay Vwazinay (Neighborhood Homes Program)** nan Depatman Prezèvasyon ak Devlopman Lojman Vil New York (New York City Department of Housing Preservation and Development).

Kimoun ki Ta Dwe Aplike?

Moun oswa fanmi ki satisfè kondisyon revni oswa kondisyon kantite moun ki nan kay ki endike nan tablo anba la a ka aplike. Moun ki aplike ki kalifye ap gen obligasyon pou satisfè kritè seleksyon yo. Moun ki aplike k ap viv nan Vil New York ap resevwa yon preferans jeneral.

Preferans pou yon pousantaj inite apatman yo prale pou:

- Rezidan **Komite Kominote Brooklyn 3** (50%)
- Anplwaye Minisipal (5%)

Achte ki kalifye yo dwe gen 10% pri acha a disponib kòm yon premye peman.

Tanpri note pri lavant yo pwopoze yo, revni maksimòm kay la, limit sou byen elatriye, se jis estimasyon epi yo kapab chanje.

CHAK ACHTÈ DWE RETE NAN KAY LA KÒM REZIDANS PRENSIPAL LI. NENPÒT MOUN KI VLE ACHTE KI DEJA GENYEN OSWA TE ACHTE YON PWOPRIYETE REZIDANSYÈL DEJA P AP KALIFYE.

Men pri lavant, sipèfisi kay la, ak kondisyon revni yo:

1 kay ak 3 Apatman	165% INITE REVNI MWAYÈN ZON LAN (AMI)	3- Kay Fanmi Disponib	Kantite Moun nan Kay la*	Limite Revni Anyèl Total Minimòm - Maksimòm**	Limit sou byen*** (\$182,525 + depo garanti ki nesese)	Estimasyon Pri	
3 cham a kouche		1		3 moun	\$95,000 - \$154,935	\$277,525	\$950,000
				4 moun	\$95,000 - \$172,095	\$277,525	
				5 moun	\$95,000 - \$185,955	\$277,525	
				6 moun	\$95,000 - \$199,650	\$277,525	

*Dwe respekte Kritè pou rete nan kay la

**Rekòmasyon revni yo kapab chanje; yo kapab pèmèt plis garanti depo pou revni minimòm ki pi ba yo.

*** Limite sou byen yo kapab chanje

Kijan Pou Mwen Aplike?

TELECHAJE ANLIY: www.wavecrestrentals.com.

Pou mande yon aplikasyon **pa lapòs, voye yon kat postal oswa anvlòp ki tou gen adrès pou voye li tounen an nan : 919 Gates, c/o The Wavecrest Management Team 87-14 116th Street, Richmond Hill, NY 11418.** Voye yon sèl aplikasyon pou chak pwojè rezidans. Pa soumèt doub aplikasyon. Aplikan ki soumèt plis pase yon sèl aplikasyon yo kapab vin pa kalifye.

Nou sipoze soumèt aplikasyon nou fin ranpli yo sèlman pa kourye nòmal (**nou p ap aksepte sa ou voye priyorite, sètifye, anrejistre, eksprès, gwo anvlòp, oswa pou demen**) bay yon nimewo bwat postal ki endike sou aplikasyon an.

Ap gen seyans enfòmasyon nan dat 22 me 2018 a 6zè PM nan 625 Quincy Street, Brooklyn, NY 11221

Ou pa oblije ale nan seyans la pou achte yon kay.

Ki jou Dat Limit la ap ye?

Dat ki make sou anvlòp aplikasyon ou voye pa lapòs la dwe **4 jen 2018** oswa avan.

Kisa K ap Pase Apre Ou Soumèt yon Aplikasyon?

Apre dat limit lan pase, n ap chwazi aplikasyon nou pral analize yo dapre yon pwosesis tiraj-osò.

Si nou chwazi aplikasyon ou epi si ou sanble kalifye, n ap envite ou nan yon randevou pou analize dokiman ou yo ak pou nou kontinye pwosesis pou detèmine si ou kalifye. Anjeneral, randevou yo pran ant 2 ak 10 mwa apre dat limit aplikasyon an. N ap mande ou pou pote dokiman ki verifye kantite moun k ap viv lakay ou, idantite moun k ap viv lakay ou, ak revni moun lakay ou.

Piblisite sa a pa yon of. Li se yon solisitasyon denterè (envitasyon pou evalye kimoun ki ta enterese) konsènan pwopriyete ki sou piblisite a. Nou pa ka ofri okenn nan inite yo oswa aksepte okenn premye peman, oswa rezèvasyon, swa ak kontra oswa san kontra, avan nou depoze yon plan of ak Depatman Lwa Eta New Ork la.

Majistra Bill de Blasio • Manm Komisyon HPD Maria Torres-Springer

